



**CHILDREN'S ADVOCACY CENTER**  
*of suffolk county*

# APRANN SIY YO

*Lè ou ka rekonnèt siy abi yo, ou kapab ede yon timoun jwenn sekirite ak sipò.*

## **Siy pou rekonnèt nan yon timoun ki ka bezwen moun ede l**

Lè yon timoun te viktim abi, li kapab montre tout yon tralye siy ak sentonm emosyonnel, oswa fizik, oswa nan jan li aji. Epi, pafwa, li kapab pa montre okenn sentonm.

Sa ki pi enpòtan an, si ou wè chanjman nan yon ti moun, se pou ou fè li konnen sa enkyete w, epi ou vle ede li, epi li mèt vin jwenn ou pou nenpòt bagay, san sa pa fè ou fache kont li.

Siy pi ba la yo pa toujou vle di gen yon abi ki fèt, men yo kapab sèvi kòm gid pou ede w konprann jan yon ti moun ap aji lè li viktim yon abi.

## **SIY NAN JAN TIMOUN LAN AJI :**

- Li aji kòm si l ap izole tèt li, oswa li pa enterese nan anyen
- Li aji dwòl lakay li, oubyen lekòl, oubyen nan sikonstans sosyal
- L ap kole sou moun twòp, oubyen yon jan li pa abitye
- Karaktè li ap chanje tout tan yon sèl kou
- Li fè tèt li mal
- L ap chanje nan abitid manje li
- L ap sove kite lakay li
- Sa li konnen sou kesyon sèks depase sa li ta dwe konnen dapre nivo devlopman li
- L ap di pawòl ki montre konnesans sekrè li genyen

## **SIY EMOSYONNÈL :**

- Li pè rete poukонт li
- Li pè ale nan kabann
- Gen kote li pè ale, oswa moun li pè ale wè

## **SIY FIZIK :**

- Maleng, blese, senyen, sikatris, mak boule
- Difikilte pou chita, kanpe, oswa rete anplas / mouvman fòse
- Rad ak / oswa souvètman ki tache, chire, oubyen ki gen tach san
- Difikilte pou manje oswa pou bwè
- Kochma nan dòmi
- Pipi nan kabann ak / oswa souse dwèt nan yon laj ki pa koresponn avèk etap devlopman li
- Li genyen yon maladi veneryèn oubyen li ansent
- Mal tèt oswa lòt doulè ki retounen souvan
- Li gen lajan, oswa atik oubyen rad ki koute chè, san mwayen finansye ni lòt esplikasyon

Anplis siy yon timoun konn montre, li enpòtan tou pou gade kouman moun ki nan antouraj timoun lan aji. Menm si pifò moun gen bon entansyon oswa yo vle ede sensèman, fè atansyon si gen yon moun ki toujou bezwen ou kite timoun lan nan men li, oubyen ki vle mennen timoun lan nan kèk kote poukонт li, oubyen san paran oswa moun ki responsab li.

**LEARNTHESIGNSOFCILDABUSE.COM**

**CHILDREN'S ADVOCACY CENTER OF SUFFOLK COUNTY**

989 COMMONWEALTH AVENUE      BOSTON, MA 02215  
617.779.2146      [cac@state.ma.us](mailto:cac@state.ma.us)      [www.suffolkCAC.org](http://www.suffolkCAC.org)

Pwojè a te resevwa asistans nan Massachusetts Office for Victim Assistance (Biwo Massachusetts pou Sipòte Víktim) avèk yon sibvansyon dapre yon lwa ki rele Victims of Crime Act of 1984 (VOCA); sibvansyon an te soti nan Biwo pou Víktim Krim, ki nan Pwogram Biwo Lajistis la, nan Depatman Jistis Etazini.